

Premye Minis Alix Didier Fils-Aimé transmèt lèt kadraj pwojè bidjè 2026-2027 lan bay Òdonatè enstitisyon ki nan Administrasyon Piblik yo.

Nan sa ki gen pou wè ak preparasyon pwojè bidjè 2026-2027 lan, Premye Minis lan, Mesye Alix Didier Fils-Aimé transmèt lèt kadraj bidjè a bay Òdonatè enstitisyon ki nan Administrasyon Piblik yo.

Lèt kadraj la se yon lèt Premye Minis lan voye bay tout enstitisyon enskri an bidjè Leta a. Nan lèt sa a genyen angwo tout sa ki nan politik bidjetè Leta a ap mennen, anmenm tan an li fè tout òdonatè yo sonje tout konsiy ki dwe resplekte lè yap fè previzyon resèt ak previzyon depans yo. Gen yon dokiman ki akonpaye lèt kadraj la, ki gen ladan li premye kalkil sou anvlòp chak enstitisyon.

Lèt kadraj la se poto mitan pwosesis preparasyon bidjè a. Se li ki pèmèt enstitisyon yo kòmanse prepare previzyon depans yo. Lè yo fini, yo voye l bay Ministè Ekonomi ak Finans epi tou bay Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn, pou sa ki konsène envestisman yo. Apre pati sa a, pral genyen sa yo rele konferans bidjetè ki se yon seri diskisyon ak analiz sou detay depans chak enstitisyon mande sou baz kapasite Leta a genyen pou finance yo ak sou enstriksyon epi oryantasyon ki genyen nan lèt kadraj la.

Lèt kadraj bidjè 2026-2027 lan òganize konsa :

- Yon premye pati ki prezante sitiyasyon makwoekonomik peyi a, sa k'ap pase aletranje epi chapant makwoekonomik ak gwo chif ki pral nan bidjè a ;
- Prensipal oryantasyon nouvo bidjè a ki se :
 - Sekirite Piblik ak Defans Nasyonal
 - Òganize eleksyon epi remete enstitisyon yo kanpe
 - Remanbre epi relanse ekonomi Peyi a
 - Sekirite alimantè, pwoteksyon sosyal ak sèvis minimum
 - Respè dwa moun, jistis, gouvènans ak batay kont koripsyon
 - Fè enstitisyon ki la pou ranmase lajan Leta yo vin pi modèn epi ranfòse refòm sou bidjè Leta a
 - Planifikasyon, kowòdinasyon politik piblik epi bon rezilta depans yo
- **Enstriksyon pou pèmèt òdonatè yo prepare pwojè depans yo**
- **Malè pandye tout aktè yo dwe konsidere**

Nou pa ka pa fè nou remake travay sèvis teknik Ministè Ekonomi ak Finans ak Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn k'ap degaje yo kou mèt Jan-Jak pou Otorite yo adopte epi pibliye bidjè 2026-2027 lan anvan ekzèsis fiskal k'ap vini an kòmanse.



RÉPUBLIQUE D'HAÏTI

Le Premier Ministre

LÈT KADRAJ BIDJÈ 2026-2027 LAN

Mesyedam Òdonatè yo,

Gouvènman an ap prepare bidjè 2026-2027 lan nan yon peryòd ki mande anpil egzijansli nesesè pou retabli sekirite nan peyi a tipa tipa, ale pi vit ak pwosesis elektoral la. Se poutèt sa bidjè 2026-2027 lan dwe pèmèt sitiyasyon peyi a rete estab pandan l'ap reprann jarèt tikal pa tikal, sa k'ap fè aksyon Leta ap mennen yo pran manm.

Se pou sa tou bidjè 2026-2027 lan ap konsantre l plis sou koze sekirite a, rapousib pwosesis pou rive òganize eleksyon yo, pwoteje kouch nan popilasyon kap viv nan kondisyon ki pi difisil yo, travay pou fè plis lajan rantre nan kès Leta a epi mete men nan envestisman Leta yo nan zòn ki gen repondong pou bay ekonomi peyi a plis jarèt. Bidjè sa a dwe pèmèt enstitisyon Leta yo ki la pou fè demokrasi a vanse, rekanpe sou de pye yo.

Fòk bidjè 2026-2027 lan fè wè aklè priyorite Gouvènman an pandan l ap ede li kwoke makout li kote resous li pèmèt li rive. Nou pa dwe bliye kapasite enstitisyon yo genyen pou yo byen depanse kredi ki nan bidjè yo san derapaj nan kondisyon mawoekonomik peyi a. Bidjè sila a dwe pèmèt Leta vanse pandan l'ap veye kote l'ap met pye l yon fason pri byen ak sèvis anndan ki nan peyi a ak pri dola a sispann monte desann, yon fason tou pou Leta a pa prete nan men Bank Santral pou li finanse depans li.

Mesyedam Òdonatè yo,

Peyi a ap viv yon sitiyasyon ki kenbe ekonomi an nan gagann. Apre anpil lane kote nou konstate ekonomi peyi a ap fè bak, dènye chif nou genyen la yo montre se abse sou klou. Apre ekonomi an fin bese pou rive -4,2% pou ekzèsis fiskal 2023-2024 lan, li kontinye desann rive -2,7% pou 2025-2025. Pou lane fiskal 2025-2026 lan, nou prevwa ekonomi an ap pran menm direksyon ann (-1,5%). Premye kalkil nou fè pou ekzèsis fiskal 2025-2026 lan, montre nou ka rale yon ti souf tou piti pou ekonomi an ogmante rive 0,2%. Apre sa, nou espere ogmatasyon an rapousib tipa tipa (0.5% pou 2027-2028 ak 2028-2029).





Le Premier Ministre

Sa montre nou nivo ekonomi an (PIB a) ap rete pi ba pase sa nou te genyen anvan gwo chòk ki te kòmanse frape peyi a depi 2018 kote valè byen ak sèvis ekonomi an te rive pwodui te kite 658,3 milya goud pou rive 544,1 milya goud, sa ki montre aklè ekonomi an pèdi yon pati enpòtan nan kapasite li genyen pou pwodui richès. An nou sipoze peyi a ta gen posiblite pou li bay menm pèfòmans li te bay apre tranbleman tè 2010 lan, ki vle di yon ogmantasyon 2,6% chak ane. Fòk nou ta pase 8 lane pou ekonomi an rive nan nivo li te ye nan lane 2018 lan. Kidonk, fòk nou ta tann 2034 pou sa ta rive fèt.

Sa vle di wout nou pran nan kadraj makwoekonomik bidjè sa a pap pèmèt ekonomi peyi a pran fòm kò l tout bon vre. Se sèlman yon fason pou ekonomi an reprann wout kwasans li pandan sekirite a ap retabli piti piti, sa k'ap pèmèt moun ak machandiz sikile lib e libè san kondisyon nan gwo wout prensipal yo, pou tout sektè k'ap pwodui nan peyi a reprann jarèt, pou depans envestisman yo egzekite pi byen epi pou reprann refòm Leta a ap fè sou jan li rantr epi depanse lajan. Tout sa yo montre aklè jefò ki dwe fèt nan bidjè 2026-2027 la pou bay pwodiksyon an jarèt, kreye plis dyòb, remete konstriksyon yo sou pye, remanbre tout teritwa peyi a.

Menm si nou rive konstate yon amelyorasyon piti piti sou jan pri yo te konn tèt nèg kèk tan anvan sa, yo toujou nan yon nivo kote kantite byen ak sèvis popilasyon an kapab achte ak lajan ki nan men li an toujou fèb. Lè nou konsidere dènye enfòmasyon yo, pri yo pa sipoze depase 17,3% nan finisman ane fiskal 2025-2026 lan, 15,8% pou 2026-2027, 14,9% pou 2029-2028 epi rive nan nivo 13,6% nan fen lane fiskal 2028-2029 lan. Previzyon sa yo toujou rete pa sèten si nou konsidere move konsekans pri manje ak enèji sou mache entènasyonal la, difikilte pou machandiz rive jwenn moun yo ta dwe jwenn yo epi tou pri dola a ki toujou bay anpil enkyetid.

Nan sa ki gen pou wè ak finans piblik, nivo presyon fiskal la ba anpil. Previzyon nou fè sou pousantaj lajan Leta a ka rantr nan kès li pa rapò ak valè byen ak sèvis peyi a pwodui, li pap depase 4,3% pou lane 2025-2026, 4,4% pou 2026-2027, 4,5% pou 2027-2028 epi 4,6% pou 2028-2029. Pou nou jwenn ti amelyorasyon sa a, anpil jefò dwe fèt pou fè moun ki dwe Leta peye kòm sa dwa, fè sistèm enfòmasyonik Ladwàn ak DGI yo konekte, fè enstitisyon ki la pou ranmase lajan Leta yo vin pi modèn pandan yap kontinye fè refòm yo ateri, mete plis kontwòl sou fontye yo epi fè Ladwàn mennen bak li pi byen.

Politik sou bidjè Leta a pa dwe neglije defi ki genyen nan depans fonkyonman yo, sitou sa ki gen pou wè ak rekritman ki gen pou fèt nan Lapolis ak Lame Dayiti. An menm tan tou, fòk nou pwograme bon jan envestisman pou nivo pa gen sekirite a vin miyò, pou fòs sa yo ka goumen pi byen kont gang ak teworis. Pou sa byen fèt, fòk enstitisyon yo eksplike aklè sa yo bezwen, konbyen kisa sa ap koute, ki kote lajan an ap sòti epi konnen kalandriye sou ki peryòd chak etap pwojè yo ap ekzekite.





Le Premier Ministre

Nan sa ki gen pou wè ak jan lajan ap brase nan peyi a, otorite yo pran angajman pou pa mande Bank Santral prete kòb pou finanse bidjè 2026-2027 lan. Se nan kondisyon sa a sèlman n'ap kapab kenbe ekilib makwoekonomik peyi a. Sinon, pri yo ap fèk kare monte bwa, sa k'ap fè nou bezwen plis goud pou nou achte dola. Se pou sa se bon Trezò yo nou pral plis itilize pou finanse defisi nou ka genyen yo. Men nap fè sa nan lòd ak disiplin, nan tèt kole avèk Bank Santral, pou nou ka sèten sou kapasite ajan ekonomik yo genyen pou achte bon Trezò yo yon fason pou pa gen twòp goud kap sikile nan ekonomi an.

Tablo kadraj ekonomi peyi a sou kat (4) lane

	PREVIZYON	PREVIZYON SOU 3 LANE		
	2025-2026	2026-2027	2027-2028	2028-2029
Ogmantasyon PIB	-1,5 %	0,2 %	0,5 %	0,5 %
Ogmantasyon Pri yo	17,3 %	15,8 %	14,9 %	13,6 %
Presyon fiskal	4,3 %	4,4 %	4,5 %	4,6 %
Finansman Bank Santral	16,5 Milya Goud	0,0 Md	0,0 Md	0,0 Md
Bon Trezò Piblik	24,8 Milya Goud	33,1 Milya Goud	33,1 Milya Goud	33,1 Milya Goud

Mesyedam Òdonatè yo,

Men priyorite estratejik pou nou konsidere lè nap prepare dokiman pou mande kredi ki pral nan bidjè nou ak lè nap soumèt pwojè depans envestisman ak fonksyonman nou yo :

a) Sekirite Piblik ak Defans Nasyonal

Pi gwo priyorite bidjè 2026-2027 lan se Sekirite Piblik ak Defans Nasyonal. Se pou sa, bidjè n'ap prepare yo dwe montre aklè jefò lapolis ak Lame ap fè pou mete pye l atè pou machandiz ak moun sikile sou wout prensipal yo, goumen kont zak kriminel òganize yo, repare konstriksyon ki kraze yo epi achte bon jan ekipman ki ka fè fas kare ak reyaltite sekirite peyi a. Fòk pa gen okenn dout sou rezilta depans n'ap pwograme pou sekirite ak defans yo, sou jefò k'ap fèt pou remanbre ekonomi peyi a, sou jan machandiz ap rive jwenn popilasyon an ak sou konfyans aktè ekonomik yo.



Le Premier Ministre

b) Òganize eleksyon epi remete enstitisyon yo kanpe

Fòk bidjè 2026-2027 lan gen kredi pou nou rapousib pwosesis eleksyon yo epi fòk enstitisyon ki garanti demokrasi peyi a kanpe sou de pye yo. Bidjè ki la pou sa se 120 milyon dola ameriken di dwe sou yon kont espesyal yo rele « Basket Fund ». Pou kounye a gen 48 milyon dola nan fon an. Anvan lane fiskal sa a fini, n'ap fè li rive 90 milyon dola.

Dekrè 2 jiyè 2026 lan, ki korije dekrè 2 jen 2026 lan, fè nou anpil egzijans. Ladan yo, fòk nou respekte kalandriye eleksyon yo, non sèlman pandan finisman lane fiskal sa a men tou pou 2027-2028. Se poutèt sa, n ap mande tout enstitisyon piblik yo pote kole pou mennen pwosesis la kòm sa dwa. Òdonatè yo dwe remèt dokiman yo mande yo nan menm fòm nan epi san grate tèt. Fòk yo veye pou anplwaye Leta yo bay sèvis yo san fòs kote, pou yo pa itilize materyèl Leta yo pou fè kanpay. Fòk rapò ki dwe prepare chak mwa yo rive jwenn Primati nan lè yo dwe rive a.

Fòk gen mwayen nan bidjè 2026-2027 lan pou enstitisyon ki pral resevwa kandida k'ap soti nan eleksyon yo fonksyone kòmsadwa. Nou vle pale de Palman an (Chanm Depite ak Sena a) epi Laprezidans. Enstitisyon ki la pou sa yo dwe prevwa epi mete chif sou sa y'ap bezwen an plis pou enstale epi peye nouvo responsab pèp la pral chwazi yo, espas ak materyèl y'ap bezwen pou yo fonksyone.

c) Remanbre epi relanse ekonomi Peyi a

Jan n'ap prepare bidjè a, fòk nou triye pou nou byen jwenn pwojè kap bay bon rezilta ekonomik ak sosyal. Envestisman nou pral fè yo dwe konsantre yo sou konstriksyon peyi a ap bezwen tout bon vre, pou distribisyon byen ak sèvis fèt lib e libè jan sa dwe fèt, pou pwodiksyon ekonomi peyi a ki dwe remanbre, pou bay sektè agrikòl ak sektè agwoendistriyèl la jarèt epi pou devlopman zòn ak rejyon ki ka kreye plis dyòb nan peyi a.

Fòk nou gen plis kontwòl sou pwojè kominote entènasyonal la ap finanse yo yon fason pou dekesman yo fèt rapid vit epi pou yo gen bon rezilta sou kwasans ekonomi peyi a. Fòk enstitisyon yo veye pou yo pa gen ti pwojè pasi pala men pou se pwojè ki gen tan pran manm, ak bon dokiman pwojè ki ka jwenn finansman epi ki koresponn po pou po ak priyorite Gouvènman an.

Se pou sa n'ap mande Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn nan, nan tèt kole ak lòt ministè yo epi patnè entènasyonal yo pou yo chache konnen epi chwazi pwojè ki gen plis priyorite yo epi ki pa depaman ak plan pou devlope gran Nò peyi a.



Le Premier Ministre

Nou dwe konsantre nou sou konstriksyon, sou enèji renouvlab, sou prepare peyi a pou li fè fas kare ak move tan, tranblemanntè e latrize, sou kreye dyòb nan tout rejyon peyi a, sou ranfòse agrikilti, sou bay sèvis minimòm popilasyon an plis bezwen, epi sou fè yon jan pou byen ak sèvis sikile pi byen nan peyi a. Tout sa yo dwe fèt nan limit resous bidjè 2026-2027 lan.

d) Sekirite alimentè, pwoteksyon sosyal ak sèvis minimòm

Bidjè 2026-2027 lan dwe bay priyorite ak sekirite alimentè, sante, edikasyon, dlo potab, netwayaj epi pwoteksyon popilasyon ki plis nan nesite yo. Nan bidjè n'ap prepare yo, dwe genyen mwayen pou popilasyon an gen aksè ak sèvis minimòm yo, sipòte popilasyon ki deplase yo, akonpaye sila yo k ap viv nan kondisyon ki pi difisil yo epi kontinye bay sèvis nan zòn ensekirite a frappe plis yo, kote moun yo pa gen chans viv tankou moun.

Nan sektè sante a, anpil jefò dwe fèt pou lopital ak sant sante relouvri, ranfòse epi pou yo jwenn medikaman ak lòt pwodui y'ap bezwen pou yo fonksyone epi bay sèvis trap de.

Pou sektè edikasyon an, se konstriksyon lekòl ak distribisyon materyèl pou ede timoun yo aprann pi byen, sitou nan zòn ki pi frajil yo, k'ap sèvi nou priyorite.

Nan sa ki gen pou wè ak pwoteksyon sosyal, fòk nou met tèt ansanm pou nou rive idantifye epi jwenn popilasyon ki nan bezwen yo, yon fason pou sèvis yo rive jwenn yo san gaspiyaj. Se pou sa FAES ki se Fon Asistans Ekonomik ak Sosyal nan tèt kole ak lòt enstitisyon Leta yo epi ak patnè entènasyonal yo dwe bay rapò de (2) fwa nan yon lane sou transfè lajan ki al jwenn popilasyon an. Rapò sa yo dwe fèt pou idantifye si pa gen moun ki fè de kabès, yon fason pou nou sèten se moun ki bezwen ki jwenn, sa k'ap pèmèt pwogram sosyal yo jere nan pi bon kondisyon posib.

e) Respè dwa moun, jistis, gouvènans ak batay kont koripsyon

Si nou vle yon sosyete kote sitwayen an reprann konfyans nan Leta a, kote enstitisyon yo ap mache byen epi pèmèt moun fè biznis san kè sote, fòk nou travay pou respè dwa moun, jistis, gouvènans ak batay kont koripsyon an tounen yon reyalite. Kredi nou pral mande nan bidjè nou yo dwe konsantre yo plis sou konstriksyon tribinal ak prizon, batay pou moun sispann fè anpil tan nan prizon san yo pa jije, bay anplwaye Leta kap travay nan sistèm jidisyè a plis fòmasyon epi bay enstitisyon k'ap fè kontwòl aksyon Leta yo jarèt.

Batay kont koripsyon, mete enfòmasyon sou bidjè a disponib pou tout moun epi ranfòse responsablite moun k'ap jere lajan Leta yo dwe sèvi nou bousòl nan previzyon depans n'ap fè yo. Tout enstitisyon dwe mete zouti pou swiv epi bay enfòmasyon nan bon ti mamit nan lè sa dwe fèt. Fòk nou founi je gade si lajan Leta a ap depanse san gaspiyaj.



Le Premier Ministre

f) Fè enstitisyon ki la pou ranmase lajan Leta yo vin pi modèn epi ranfòse refòm sou bidjè Leta a

Si nou vle plis lajan rantre nan kès Leta a epi pou bidjè a bay bon rezilta pandan lontan, pa gen wout pa bwa: Fòk enstitisyon ki la pou ranmase lajan Leta yo vin pi modèn epi ranfòse refòm sou bidjè Leta a. Jefò ki kòmanse fèt sou Bidjè-pwogram nan dwe ateri. Fòk nou rapousib refòm sou Direksyon Jeneral Enpo ak Administrasyon Jeneral Ladwàn pou sistèm enfòmatrik yo rive konekte tout bon vre. Nouvo sistèm RMS la dwe devlope nan tout DGI epi fòk tout zouti ki la pou kontwòl resèt yo makonnen ansanm pandan n'ap rapousib travay pou nou enfòmatrize jan Leta a ap jere resèt yo.

N'ap mande enstitisyon sa yo pou yo debwouye yo kou mèt Jan Jak pou baz kalkil resèt yo vin pi laj. Pou Leta ka ranmase resèt yo san grate tèt, pou byen jere enstitisyon yo epi mete bon kontwòl sou fwontye yo epi jere pi byen gwo kontribyab yo ak gwo enpòtatè yo. Nou espere bon jan rezilta sou kontwòl sere ki gen pou fèt sou kontra EVERGREEN nan ak jesyon tou nèf k'ap fèt nan Administrasyon Jeneral Ladwàn nan.

N'ap mande Administrasyon Jeneral Ladwàn, nan tèt kole ak lòt direksyon ki nan Ministè Finans lan pou kreye yon fason pou fè kalkil sou kantite kòb Leta ap rantre aprè li fini mete materyèl disponib nan tout pòs fwontye yo pou goumen kont kontrebann. Kalkil yo dwe montre kijan resèt yo te ye anvan, ki sa ki vini anplis epi kisa nouvo materyèl yo rapòte epi bay rapò chak mwa pou chak pòs fwontye yo, chak kategori machandiz ak taks. Administrasyon Jeneral Ladwàn dwe voye bay sèvis ki la pou sa nan ministè a tout sipozisyon, objektif ak rezilta ki tonbe yo.

Sèvis ki la pou sa nan Ministè Ekonomi ak Finans lan dwe travay sou yon pwopozisyon barèm enpo sou revni tout endividi. Barèm ki la jodi a pa chanje depi 2005. Nouvo barèm sa a dwe konsidere kapasite moun k'ap travay yo genyen pou yo peye, ogmantasyon pri yo sou 20 dènye lane yo epi veye pou tout kontribyab egal ego devan sistèm fiskal la. Anvan yo soumèt pwopozisyon barèm nan, dwe gen kalkil sou plizyè senaryo sou jan kontribyab yo repati, sou sa nouvo barèm nan ap rapòte epi ki sa k'ap rete nan men kontribyab yo. Pou sizanka Leta ta pèdi resèt aprè nouvo barèm nan, gen anpil lòt mezi pou ranplase sa k'ap pèdi yo tankou ogmantasyon baz kalkil resèt yo, pi bon kontwòl sou avantaj fiskal yo, sou pati y'ap kenbe sou salè yo depi anlè, plis kontwòl epi enfòmatisasyon.

g) Planifikasyon, kowòdinasyon politik piblik epi bon rezilta depans yo

Pou kalite depans yo vin pi bon epi bay pi bon rezilta, depans ki planifye yo ak sa ki pwograme yo pa dwe depaman. Fòk gen kontwòl ak swivi epi fòk rezilta yo mezire. Fòk kredi n'ap mande yo makonnen ak priyorite nasyonal yo, ak plan chak sektè yo epi fòk yo pa depaman ak kapasite enstitisyon yo genyen pou yo depanse kredi yo genyen yo epi ak rezilta ki prevwa yo.



Le Premier Ministre

Tout enstitisyon k'ap mande kredi nan bidjè yo dwe fè efò pou depans fonksyonman ak envestisman yon mache nan menm sans pou menm rezilta. Pa mete pwojè ki pa gen dokiman ki bay espikasyon sou yo. Okontrè, pito nou pwojè k'ap bay rezilta tout moun ka mezire kit se pou yon ti bout tan, kit se pou anpil tan. Fòk gen enfòmasyon tout moun ka mezire nan chak sektè, yon fason pou sistèm planifikasyon ak devlopman peyi a rete djanm.

Nan sa ki gen pou wè ak preparasyon Pwogram Envestisman Piblik la, n'ap mande Ministè Planifikasyon ak Koperasyon Ekstèn pou kale je li pou pa gen gaspiyaj nan lis pwojè y'ap resevwa yo. Fòk li met tèt li ansanm ak lòt enstitisyon yo pou yo chak idantifye twa pwojè enpòtan ki fin pran manm epi ki bay garanti ke ekzekisyon yo ap fèt tout bon vre. Dwe gen bon jan kontwòl sou pwojè sa yo epi enfòmasyon dwe rive jwenn popilasyon an sou jan y'ap vanse.

Enstriksyon pou pèmèt òdonatè yo prepare pwojè depans yo

Pou pèmèt òdonatè yo prepare pwojè depans yo, nou mande yo fè tout sa yo kapab pou respekte konsiy sa yo:

- Fòk kredi n ap mande yo makònen ak gwo priyorite gouvènman an;
- Pran prekosyon pou nou pa melanje depans fonksyonman ki paka pa fèt yo ak sa ki koresponn ak bezwen tou nèf yo, ak depans envestisman yo;
- Tout depans ki koresponn ak bezwen tou nèf yo dwe gen eksplikasyon nan yon dokiman apa ki tou montre rezilta n'ap tann yo ak endikatè ki pèmèt yo mezire yo;
- Nou dwe chwazi pwojè ki gen tan fin pran manm epi ki gen dokiman konplè ki montre yo ka reyalize tout bon vre;
- Prepare yon pwogramasyon depans yo sou twa lane ki pa depaman ak pwogramasyon makwoekonomik sou twa (3) lane a;
- Pou chak pwojè yo, nou dwe bay kote finansman yo ap soti epi veye pou yo pa melanje;
- Fòk nou prevwa mwayen pou, lè sa posib, pwoteksyon sosyal, ekilib pou tout rejyon yo, egalite fanm ak gason epi zòn kote popilasyon yo pi afekte yo;
- Transmèt bay Direksyon Jeneral Bidjè tout enfòmasyon ki ka pèmèt amelyore rapò sou bidjè a nan tout transparans;
- Tout enstitisyon ki gen lòt ki depann de yo epi ki bay sèvis ki rapòte lajan dwe voye enfòmasyon sou lajan k'ap rantrè yo epi sou fason yo prevwa itilize yo pou lane fiskal k'ap vini an.

Malè pandye nou dwe konsidere

Pandan n'ap prepare bidjè nou yo, nou dwe konsidere kèk malè pandye ki pa depann de nou, tankou pwoblèm pou ekzekite pwogram envestisman piblik la kòm sadwa, posiblite pou resèt nou prevwa yo pa rive, oubyen pou bezwen fonksyonman enstitisyon k'ap bay sekirite yo vin pi plis, oubyen tou konsekans revizyon barèm enpo sou revni an.



Le Premier Ministre

Nou dwe konsidere kèk sitiyasyon aletranje tankou ekonomi nan lòt peyi yo ki ka bese oubyen pri pwodui enèji ak pri manje yo ki ka ogmante ; malè pandye pa rapò ak sitiyasyon ayisyen ki nan pwogram “Biden” yo ak katastwòf natirèl ki ka tonbe sou nou bridsoukou.

Mesyedam Òdonatè yo,

Sitiyasyon ki tonbe sou nou la a mande nou mete kanson nou nan tay nou, gen anpil disiplin epi travay nan tèt ansanm. Bidjè 2026-2027 lan dwe yon zouti pou fè ekonomi an vin estab, yon zouti pou pwoteksyon sosyal, sekirite piblik epi pou fè ekonomi an reprann pye li tipa tipa. Bidjè sa a dwe pèmèt nou evite depanse pye gaye, gen plis disiplin nan jan n’ap jere lajan Leta a, depanse pi byen epi kenbe ekilib ekonomi an.

Se pou sa m’ap envite chak òdonatè pou fè jefò yo pou pwopozisyon bidjè n’ap voye nan Direksyon Jeneral Bidjè yo pa depaman ak enstriksyon ki nan lèt sa a. Fòk nou prepare bidjè a an granmoun ki responsab pandan n’ap chache bon jan rezilta pou popilasyon an.

Pòtoprens, 10 dawout 2026.-



Alix Didier FILS-AIMÉ